*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№172 (26624)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 19 сентябрь – рухæны мæйы 19 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХУЫРАД
*Æвзаджы рæстæн – мадзæлттæ*

3 ÆНЦОЙБОН
*Тематикон фарс*

4 ÆХСÆНАД
*Фæсивæды хъомылад*

Æвзæрстытæ-2026

# Сæйрагдæр – ӕдасдзинад

**Уæрæсейы, уымæ, ног регионты дæр дыккæгæм бон цæуынц Паддзахадон Думæйы Федералон Æмбырды 9-æм æрсидты депутатты æвзæрстытæ. Æртæ боны кæй ахæсдзысты, уый баст у ӕдасæй сæ арвитыны фарстаимæ.**



Æвзæрстыты фыццаг бон нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** схъæлæс кодта Национ након библиотекæйы 254–æм æвзарæн участокы:

– Æвзæрстыты архайын формалондзинад нæу. Уый алкæмæн дæр фадат дæтты, федералон Парламенты граждæнты интерестæ чи хъахъхъæндзæн æмæ уынаффæтæ чи хæсдзæн, кæцытæй бирæ аразгæ у регионты æмæ, æмткæй райсгæйæ, паддзахады рæзт, уый сбæрæг кæнын. Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** куыд бафиппайдта, афтæмæйграждæнты равзæрстæй арæзт цæуы хицаудзинады бакастджын корпус. Мæнæн ахсджиаг у фæрсырдыгæй нæ лæууын. Паддзахады амондджын цард, йæ рæзт æмæ иудзинад аразгæ у, алчи йæ граждайнаг хæс æххæст кæнынмæ цы цæстæй кæсы, уымæй, – бахахх кодта йæ ныхасы республикæйы Сæргълæууæг.



Нæ республикæйы Уæрæсейы Паддзахадон Думæмæ депутаттæ æвзарыны кампанийы архайы 10 территориалон æмæ 309 æвзарæн участокы. Знон се 'ппæт дæр байгом сты афоныл, æвзарджыты номхыгъды ис 511 мин адæймагæй фылдæр, æвзарæн къамисы уæнгты бæрц та у 3,5 мин адæймаджы. Граждæнтæ рæстæгмæ кæм сты, уым кусы 19 æвзарæн къамисы. Æвзæрстыты рæстæг уæлдай æргом здæхт цæуы ӕдасдзинад æмæ сæ цыды æнæзакъон хæлдтытæ цæмæй ма æрцæуа, уымæ. Æппæт участоктæ дæр хъахъхъæнынц мидхъуыддæгты оргæнты минæвæрттæ, згъæр детектортæ æмæ видеоцæстдарды системæйы фæрцы. Цæттæ сты æнæнхъæлæджы уавæртæ сæвзæрынмæ, рагагъоммæ бацæттæ кодтой уæлæмхасæн бæстыхæйттæ, æнæнхъæлæджы электрон рухс æмæ бастдзинад куы фесæфой, уымæ дæр цæттæ сты. Мыхуыры Хæдзары 250-æм æвзарæн участокы ӕдасдзинады фарстайæн







дзуапп дæтты пъæлицæйы капитан **Кочиты Валери**:

– Æргом здахæм, цæмæй æвзæрстыты рæстæг барад хæлд ма 'рцæуа, кампанийы цыды къуыхцытæ ма уа, мачи бахæсса зеленкæ, хæцæнгарз, диверсион хъуыддæгтæ не 'руадзын – уый у нæ хæс æмæ йæ æххæст кæнæм, адæм сæхи ӕдас цæмæй æнкъарой. Æнæнхъæлæджы сæвзæрд уавæры архайдзыстæм йæ банывыл кæнынил, – зæгъы Валери. Мыхуыры Хæдзары кусджытæ бæрнон цæстæй кæсынц æвзæрстыты архайыны хъуыддагмæ. Сæ фылдæр схъæлæс кодтой кампанийы фыццаг бон.

Дзæуджыхъæуы 284-æм æвзарæн участок æрбынат кодта Фæсивæды галуаны. Фæткмæ гæсгæ къамисы уæнгтæ сæ хæс æххæст кæнынмæ бавнæлдтой Уæрæсе æмæ Цæгат Ирыстоны гимнтæ ацæгъдыны фæстæ.

– Байуæрстам бюллетентæ, фыццаг минутæй æвзарджытæ цæуынц хъæлæс кæнынмæ. Нæ зæрдæ дарæм, адæм активонæй кæй архайдзысты æртæ боны дæр, уыл. Æхсызгонæй сæмбæлдыстæм, ацы аз фыццаг хатт чи архайы æвзæрстыты, уыцы фæсивæдыл. Æнхъæл нæ уыдыстæм, æртын æрыгон лæппу æмæ чызджы æвзарæн участокмæ афтæ цæттæ æмæ хæрзарæзтæй æрбацæудзысты, сæ къухты – Уæрæсе æмæ Ирыстоны тырысатæ, афтæмæй, уый. Зæрдæлхæнæн лæвæрттæ райстой æвзарæн къамисæй. Уый нæ иудзинады нысан у, æгайтдæр-ма нæ фæсивæдмæ ахæм тырнындзинад ис, бæллынц, зæгъгæ, хъæлæс ратгæйæ, нæ цард кæд фæхуыздæр уаид, уымæ. Мах дæр æм æнхъæлмæ кæсæм, – зæгъы æвзарæн участокы сæрдар **Гæздæнты Сослан**. Ацы азы æвзæрстыты фыццаг хатт чи архайы, уыдоны нымæц у 16 минæй уæлæмæ. Алы æвзарæн участокы дæр ис, æвзæрстыты рæстæг сын дзуапп чи дæтты, ахæм адæймаг. Йе 'нæниздзинадмæ кæнæ кармæ гæсгæ æвзарæн участокмæ æрбацæуыны хъару кæмæ нæй, уыдонæн фадат ис «Мобилон æвзарæг»-ы механизмæй спайда кæнын, кæнæ хæдзары схъæлæс кæнын.

20 сентябры республикæйы Парламенты депутаттæ Уæрæсейы Президенты бавдыст кандидатурæтæй равзардзысты Цæгат Ирыстон-Аланийы разамонæджы. Уымæй уæлдай, нæ республикæйы Хуссар Ирыстоны граждæнтæй Президенты æвзæрстыты чи архайы, уыдонæн 18 сентябры бакодтой 4 æвзарæн участокы. Дыууæ – Дзæуджыхъæуы, фæйнæ иу – Алагир æмæ Камбилеевкæйы, иу та – Мæскуыйы. Æвзæрстытæ цæуынц дарддæр, рагагъоммæ хатдзæгтæ сбæрæг уыдзысты 21 сентябры, къуырисæры.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

# Информацион центры куыст

**Цæгат Ирыстоны йæ куыст райдыдта РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы Информацион центр. Информацион центры куысты архайынц дзыллон хабархæссæг фæрæзты аккредитацигонд минæвæрттæ æмæ дунеон цæстдарджытæ.**



дарджытæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæн уый радзырдта, æвзæрстытæм республикæйы куыд бацæттæ кодтой, Цæгат Ирыстоны æвзарæн къамисты конд, участокты ӕдасдзинады мадзæлттæ, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы адæмы удæнцойдзинадæн цы мадзæлттæ арæзт æрцыд, æмæ хъæлæскæнынады æндæр хуызты тыххæй.

Сæрдары презентаци ацыд англисаг æвзагыл. Йæ раныхас ын тæлмац кодтой дыууæ тæлмацгæнæджы. Æвзарæн бонты дунеон цæстдарджытæ бабæрæг кæндзысты Дзæуджыхъæуы æмæ районты æвзарæн участоктæ. Уым бынæтты базонгæ уыдзысты, æвзарæн архайд куыд арæзт цæуы, уыимæ.

Информацион центр дарддæр дæр йæ куыст кæны, журналисттæ æмæ



Паддзахадон Думæмæ депутатты æвзæрстытæм Цæгат Ирыстоны сæ хъус дарынц 11 цæстдарæджы дунейы авд бæстæйæ.

Информацион центры куыст байгом кодта РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы Сæрдар **Моргуаты Жаннæ**. Дунеон цæстдарджытимæ æмархайгæйæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

# РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй



**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай цыппæрæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 20 сентябры 14 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæм регистраци кæндзысты 2026 азы 20 сентябры 13 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

## Дзырды фарн

***Дæ амонды рохтыл фидар куынæ хæцай, уæд дæ былæй асхойдзæн.***

*ÆМБИСОНД*

Боныхъæд — Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **19 сентябры** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-19 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,19

Хурыскаст — 05,45
Хурныгуылд — 18,05

Валютæйы аргъ — Доллар — 84,51; Евро — 97,05

12 +

Хуссар Ирыстонæй

# Республикæ йæхицæн æвзары Президент

**Хуссар Ирыстоны цæуы республикæйы Президент равзарыны кампани.**

Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты рагагъоммæйы æвзæрстытæ куыд цæуынц, уымæ цæст дарыны тыххæй аккредитаци райстой 70 уацхæссæджы, уыдон сты уæрæсейаг æмæ хуссарирыстойнаг дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ. Ацы хабар фехъусын кодта Хуссар Ирыстоны Мыхуыр æмæ информацийы паддзахадон комитеты сæрдар **Хъотайты Мария**. Йæ ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны æвзæрстытæ дæр куыд цæуынц, уымæ цæст дардзысты, аккредитаци лæвæрд кæмæн æрцыд, 17 уыцы журналисты.




– Журналисттæн аккредитаци дæттыны æмгъуыд, æмбæлгæ уагæвæрдмæ гæсгæ, райдыдта, æвзæрстытæм дыууæ къуырийы ма куы баззад, уæд, – загъта комитеты сæрдар. Стæй ма йæ ныхасыл бафтыдта, аккредитацигонд журналисттæн кæй ис, республикæйы территорийы, стæй уый арæнты æдде цы æвзарæн участоктæ ис, уым уæвыны бар. Информацион куыст цæуы æвзарæн къамисы пресс-центры дæр.

– Нæ уæрæсейаг æмгуыстгæнджытæ цалдæр боны уыдзысты ам, æмæ сын сæ куысты фæдыл арфæ, – загъта Хъотайты Мария.

**(Информацион агентад «Рес»)**

Ахуырад

# Æвзаджы рæзтæн – мадзæлттæ

**РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ сарæзта кусæг фембæлд ирон æвзаджы рæзты фарстаты фæдыл. Йæ ныхас уыд Ирон æвзаджы рæзты центры специалисттимæ, ирон æвзаджы кафедрæйы ахуыргæнджытимæ, ЦИПУ-йы æмæ районты ахуырады управленийы хайæдты минæвæрттимæ, рауагъдад «ИР» æмæ Ирон æвзаджы нымæцон» рæзты центры разамонæгимæ.**

Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой Ирон æвзаджы рæзты центры куыстыл, бахыгътой 2026 азы ирон филологимæ абитуриентты исæн кампанийы бæрæггæнæнтæ æмæ педагогон кадртæ цæттæ кæныны фарстатæ. Хицæнæй æркастысты ирон æвзаджы цифрон ахуырадон платформæйы арæзтмæ. Абон тынг ахсджиаг у, нырыккон нымæцон дуджы



техникон мадзæлттæ æвзаджы ахуырады иу хай цæмæй суой, ахуыргæнджытæ æмæ сывæллæттæн æнцонвадат уой, уый. Министр куыд загъта, афтæмæй æппæт ацы фæзилæнтыл дæр архайд цæуы.

– Махæн ахсджиаг у, цæмæй ирон æвзаджы мыртæ зæлой скъолаты, рæвдауæндætты, мадæлон æвзаг сын хъæугæйыл нымад цæуа æмæ рæза нырыккон ахуырадон тыгъдады, – загъта министр.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Нæ медицинон къуым

# Æнæниздзинад цæмæй ма фæцуда

## Сывæллонæн йæ цæстытæ æппæтæй тынгдæр халы скъола – афтæ зæгъы статистикæ

Ныры скъолатæн сæ программæ у зын, цæуыл нæ аххæссы, ахæм нæй. Уымæ гæсгæ скъоладзауы йæ уроктыл хардз кæнын бахъæуы тынг бирæ рæстæг – скъолайы дæр, хæдзары дæр, стæй ма компьютер, телевизор, уыцы телефонтæ... Уымæй уæлдай, сывæллон цæстæй хорз кæй нал фæуыны, уым аххосджын сты ныййарджытæй рахæсгæ миниуджытæ, экологи æмæ æндæртæ.

Адæймаг дардмæ хорз куынæуал фæуыны, цæстыты ахæм низ медицинон æвзагыл хуыйны «миопия» (уырыссагау «близорукость»). Сæхиуыл æй бафиппайынц райдайæн къласты ахуырдзаутæн сæ 8-10 проценты. Фæлæ цалынмæ ахуыр кæнынц, уæдмæ сæ нымæц цæуы фылдæргæнгæ, æмæ цæстыты ацы низыхаттимæ скъола каст фæвæййы рауагъдонтæн сæ 25-30 проценты.

Миопия скъоладзаумæ фæзыны, хæстæгæвæрд дзаумæттæм æй бирæ рæстæг кæсын кæй фæхъæуы, уый аххосæй, зæгъæм, тетрадмæ, чиныгмæ. Сывæллон куыд рæзы, афтæ рæзгæ æмæ «даргъдæргæнгæ» цæуы цæсты гагуы дæр, æмæ сывæллон дардмæ хорз нал фæуыны, æрмæстдæр хæстæгмæ. Уымæ гæсгæ, дохтыртæ куыд амонынц, афтæмæй, сывæллонæн йæ цæстытæ цæмæй ма февзæрдæр уой, уый тыххæй йæ скъоламæ æгæр раджы дæттын нæ хъæуы. Æппæтæй растдæр у сывæллоны скъоламæ радтын, авд азы йыл куы сæххæст уа, уæд. Уыцы рæстæгмæ цæстыты системæ йæ рæзтæй банцайы æмæ æххæстæй дæр арæзт æрцæуы.

### Цавæр хъуамæ уа сывæллонæн йæ кусæн бынат?

Фыццаджыдæр, хъуамæ уа сывæллонæн æппæтфадатджын. Цалынмæ йæ уроктæ кæна, уæдмæ йæм уæ цæст дарут. Сахуыр æй кæнут æмраст бадын, йæ фæсонтæ гуыбыр куыд нæ кæна, афтæ. Стъол æмæ бандонæн сæ бæрзæнд хъуамæ уой сывæллонæн йæхи бæрзæндмæ гæсгæ.

Сывæллон цас къаддæр уа, уый бæрц фылдæр полиграфион домæнтæ ис ахуыргæнæн чингуытæм: уыдон æгæр ирд хъуамæ ма уой, сау кæнæ хуызджын сыфыл дамгъæтæ урс уой, уымæн æруадзæн нæй, дамгъæтæ сæхæдæг 4 миллиметрæй къаддæр хъуамæ ма уой æмæ а.д.

Иннæ ахсджиаг хъуыддаг, сывæллонæн йæ кусæн бынаты рухс фаг ис æви нæй, уый. Кусæн бынат цы уаты ис, уырдæм хъуамæ хæццæ кæна боны рухс. Уый тыххæй рудзынг хъæуы арæхдæр æхсын. Аразгæ рухс та хъуамæ уа тынг ирд. Рухс хъуамæ хауа стъолмæ галиуæрдыгæй, галиуæг чи у, уыдонæн та рахизæрдыгæй.

Уæ гыццыл скъоладзауы сахуыр кæнут, цæмæй чиныг йæ цæстытæм хæстæг ма дара. Чиныг æмæ цæстыты ‘хсæн 30 сантиметрæй къаддар хъуамæ ма уа. Рухс хъуамæ уыцы æмхуызон хауа чиныгæн йæ сыфтыл, сывæллоны цæсгом та хъуамæ аууоны уа. Бамбарын йын кæнут, хуысгæйæ чиныджы кæсæн кæй нæй, афтæмæй цæстытæ тынгдæр кæй фæллайынц æмæ кæй хæлынц, уый.

Ахуыры азы кæронмæ скъоладзауæн йæ цæстытæ бынтондæр бафæллайынц, æмæ, цæмæй баулæфой, уый тыххæй сæрд скъоладзау хъуамæ арвита æрдзмæ хæстæгдæр бынаты – хъæу кæнæ лагеры, компьютертæ æмæ телевизортæ къаддæр кæм ис, сыгъдæг уæлдæф та – фылдæр, ахæм ран.

### Зонут сывæллонæн «нæ» зæгъын

Сывæллон телевизоры раз цас рæстæг фæбады, компьютерæй куыд архайы æмæ дзы куыд пайда кæны, уый у сæрмагонд ныхасы аккаг.

Æрдзæй у афтæ рахæсгæ, æмæ сæ райгуырынæй гыццыл сывæллæттæ се ‘ппæт дæр сты дардмæ хорз уынаг, хæстæгмæ та – нæ, стæй, куыд рæзынц, афтæ цæстытæ дæр свæййынц, куыд сын æмбæлы, афтæ, ома, дардмæ дæр, хæстæгмæ дæр сывæллон иухуызон хорз уынын райдайы. Уымæ гæсгæ, æртæ азы кæуыл нæма сæххæст, ахæм сывæллоны телевизоры раз бадын кæнын не ‘мбæлы, уый бæсты йæ æндæр истæмæй аирхæфсут. Авд азы кæуыл нæма сæххæст, ахæм сывæллæттæн телевизормæ ис кæсæн бонмæ 30-40 минуты, уыдонæй хистæртæн та бонмæ – 1,5-2 сахаты. Сывæллон телевизормæ кæм кæсы, уыцы уаты хъуамæ уа рухс, телевизоры экран æмæ сывæллоны ‘хсæн та хъуамæ уа æппынкъаддæр 2-3 метры.

Компьютертæ абон ис алы хæдзары дæр, æмæ йæм сывæллоны æппындæр нæ уадзынæн гæнæн нæй, фæлæ бацархайæн ис, цæмæй дзы пайда кæна хæрзцыбыр рæстæг. 7-9-аздзыд сывæллæттæн компьютеры раз бадын æмбæлы 15-30 минуты бонмæ. Дæс азы фылдæр кæуыл цæуы, уыдонæн та – бонмæ иу сахат, уый дæр афтæ: компьютеры раз абадæд иу-20-25 минуты, стæй йæ цæстытæ баулæфын кæнæд, ноджы хуыздæр та уаид цæстытæн гимнастикæ скæнын.

Нæй уымæн гæнæн, æмæ, æхсæнадон транспорты цæугæ-цæуын, сывæллон хъаза телефонæй, планшет кæнæ æндæр ахæм нырыккон «хъазæнæй».

### Скъоладзауæн йæ цардыуаг

Фидар кæнут сывæллонæн йæ иммунитет. Уый фидар куы уа, уæд алыхуызон низтæй сабийæн тæссаг нæ уыдзæн. Алы бон дæр сывæллон хъуамæ улæфа сыгъдæг уæлдæфæй, уымæ гæсгæ йын пайда у спортивон секциты архайын, сæрдыгон, зæгъæм, футболæй, баскетбол кæнæ волейболæй хъазын, велосипедыл цæуын, зымæгон та лыжæтæ æмæ къахдзоныгътыл уайын.

Йæ хæринаг скъоладзауæн хъуамæ уа, пайда чи у, ахæм, стæй алыхуызон. Йæ хæринаг хъуамæ хъæздыг уа хъæугæ микроэлементтæй æмæ пайдайаг буаргъæдтæй: урсагæй (кæсаг, æйчытæ, æнæсой дзидза); кальцийæ (æхсыры продукттæ, æнгузтæ, хъæдур); витаминтæ А, С æмæ Е бирæ кæм ис, ахæм продукттæй (уырыдзы, нас, абрикос, цитрустæ), цъæх кæрдæджытæй.

Гыццыл скъоладзау хъуамæ йæ фаг фынæй кæна. Фынæй кæнынæн æй хъæуы фылдæр рæстæг, ас адæймагимæ абаргæйæ. Суткæйы мидæг сывæллон хъуамæ фынæй кæна 10-12 сахаты. Афтæмæй йæ цæстыты фæллад дæр цæудзæн. Сывæллонæн йæ боны фæтк афтæ саразут, цæмæй ахуыр æмæ фæлладуагъд кæрæдзи ивой, цæмæй фылдæр змæла. Уый пайда уыдзæн канд цæстытæн нæ, фæлæ æппæт организмæн дæр.

Уæ сывæллонмæ лæмбынæг ут æмæ, цæстæй бынтон хорз нал уыны, зæгъгæ, ууыл гыццылдæр фæгуырысхо стут, уæд æвæстиатæй дохтыр-офтальмологмæ æххуысагур фæтагъд кæнут.

Уе скъоладзауы цæстытæ хъахъхъæнут æмæ æнæниз ут.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

Цыбырæй

# Уæлæмхасæн гæнæнтæ

**Цæгат Ирыстоны рæзгæ фæлтæрæй 90 мин сывæллоны систы уæлæмхасæн ахуырады къордты уæнгтæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уæлæмхасæн ахуырады къордтæ æмæ секцилинæтæм æргом дæр. Скъоладзаутæн сæ бон уыдзæн программæтæ, роботты техникæ аразын, промышленнон дизайн, геофизикæ, экологи ахуыр кæнын.**



**тæ уыдзысты 2 минæй фылдæр. Сæ куыст кæндзысты скъолаты фæзуæтты.**

**Ахуырад арæзт æрцæудзæн наукон, сфæлдыстадон, спортивон бындуртыл. Фæлæ уæддæр бæрæг дары техникон, æрдззонæн-наукон дисциплинæтæм æргом дæр.**

**Ацы ран ахсджиаг у, цæмæй алы сывæллоны бон дæр уа, йæ зæрдæйæн хæстæг цы наукæ у, уый ахуыр кæнын. Афтæмæй йæ гæнæнтæ райхæлдзысты, суыдзæн, агуырд чи цæуы, ахæм æнтыстджын специалист.**

# Культурон объекттæ

**Цæгат Ирыстоны райдыдтой, культурон бынтыл нымад чи сты, уыцы объекттыл QR-кодтимæ информацион таблицæтæ æвæрын. Проект æххæстгонд цæуы Архитектурæйы азы бындурыл æмæ аххæсдзæн Дзæуджыхъæуы æмæ нæ республикæйы 100 цыртдзæвæныл, – фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг Отарты Георги.**



**Таблицæтыл бæрæгзонинæгтæ фыст сты дыууæ паддзахадон æвзæгтыл – ирон æмæ уырыссагыл. QR-смартфоны фæрцы куы сисай, уæд уый фæрцы нæ республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæн фадат уыдзæн историон объекты тыххæй бæлвырд историон информаци райсын æмæ архивон къамтæм кæсын. Фыццаг таблицæтæ ныридæгæн æвæрд æрцыдысты: Национ музейы бæстыхайы къулыл, ацы объект кæддæр, революцийы агъоммæ, уыдис къупецаг Борис Ходяковы хæдзар, ЗАГСы Управленийы фарсыл дæр, ам та цардис А. Замковой, Плиты Иссæйы номыл хæдзар-музейыл, кæддæры сылгоймæгты дыккаг гимназ..**

**«Уырны мæ, ацы проект нын нæ культурон хæзнатæн стыр ахъаз кæй фæуыдзæн, бирæ адæм сæ базондзысты, нæ истори та айхъуысдзæн дунейыл», – фæнысан кодта Отараты Георги.**

# Разы сты сæ уавæртæй

**Бындурон цалцæджы фæстæ байгом Урсдоны хъæуы скъола. Фарон дæр ма скъола зындзинæдтæ æвзæрста, йæ къулты хъуына ныххæцыд, йæ сæр дæр домдта цалцæг, уæдæ бæстыхайы мидæггаг кабинеттæ дæр зауУатмæ æрцыдысты.**



**Скъоламæ хъуыдис бындуронæй базилын. Ахуырады министрад уыдæттæ фæхæццæ кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйломæ. Афтæмæй Урсдоны хъæуы скъола бахастæуыд бындурон цалцæджы программæмæ. Абон ноггонд ахуырады куыстуат йæ хуыз скалдта, республикæйы разамындæн æппæт скъолатæ дæр ахсджиаг кæй сты, уый бæрæг дары. Ахæм скъолатæ ис, æмæ дзы дæс ахуырдзауы йедтæмæ нæй, фæлæ уæддæр скъола у хæрззылд, æмбæлгæ уавæртимæ.**

**Ныртæккæ Урсдоны скъолайы ис 62 ахуырдзауы, рæстæгмæ ам зонындзинæдтæ исынц Хъарман-Сындзыхъæуы скъолайы сабитæ дæр. Уым дæр цæуы ахуыргæнæндоны бындурон цалцæг. Ног ахуыры аз урсдойнаг сывæллæттæн райдыдта ноггонд скъолайы, дзæбæх фадæттимæ, авналæнтимæ, сæ дыккаг хæдзарæй сывæллæттæ райгондæй баззадысты.**

**Æппæт хъуыддæгтæ конд æрцыдысты национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæрцы.**

***САУТÆТЫ Тамилæ***




## Æмбисæндтæ

*Иу лæджы ныхасæй дыууæйы ныхас уырнинагдæр у.*

✧✧✧

*Иу сырд цуанонæн – зынхъавæн, дыууæ – 'нцондæр.*

✧✧✧

*Чи нæ кусы, уый нæ хæры. Зивæг ма кæн, дæ бæхæй нæ рахаудзынæ.*

✧✧✧

*Æвзагимæ хъæбысæй ма хæц.*

✧✧✧

*Æнæуаæнк лæг цард не ссардзæн.*

✧✧✧

*Æмбисæхсæв бон нæ кæны.*

✧✧✧

*Æлгъин лæгмæ уазæг нæ цæуы.*

✧✧✧

*Иунæг мæгуыр у.*

✧✧✧

*Иунæг алцæмæйдæр иунæг у.*

✧✧✧

*Иунæг мæгуыр у хъæды дæр æмæ хъæуы дæр.*

✧✧✧

*Иунæджы зæрдæ тæнæг у.*

✧✧✧

*Дурæй дæр – иунæг, хъæдæй дæр – иунæг.*

✧✧✧

*Хъæдæй дæр, дурæй дæр иунæг мæгуыр у.*

✧✧✧

*Хъæды халонау – иунæг.*

✧✧✧

*Иунæгæй мæгуырдæр хъæды халæттæм дæр нæй.*

✧✧✧

*Иунæг чындзæй дæр мæгуыр у.*

✧✧✧

*Быдыры астæу иунæг бæлас – уый дæр мæгуыр у.*

✧✧✧

*Мæргъты 'хсæн дæр иунæг мæгуыр у.*

✧✧✧

*Сырдты 'хсæн дæр иунæг мæгуыр у.*

✧✧✧

*Иунæг чындзæхсæвы дæр мæгуыр у.*

✧✧✧

*Иунæгæй ницы фидауы.*

✧✧✧

*Бæлас дæр иунæгæй хъæдбыны нæ фидауы.*

✧✧✧

*Иу саджилæг бæласыл нæ фидауы.*

✧✧✧

*Иунæг бæлас – халæтты бадæн.*

✧✧✧

*Иунæг мæкъуыл – цæргæсы бадæн.*

✧✧✧

*Иу хус къæцæл – артæн æндзарæн.*

✧✧✧

*Фæндаггæрон бæласæн фæйнæ цæфы чындæуы.*

## Ирон хабæрттæ

# Хъæбатыр бæрæг

Нымаддæр, кадджындæртæй уыдысты Георгийы дзуары æххæст кавалертæ – уыцы хæрзиуджытæй цыппар чи райста, ахæм ныфсхаст адæм. Ирон адæмæй дæр ахæм хорзæхтæ бирæтæ райстой. Уыдонæй иу у Хадыхъаты Алыксыйы фырт Виссарион (Без).

Иу бон, нæ горæты стыр уынджы цы дæндæгтæ дзæбæхгæнæн поликлиникæ ис, уым бадтæн, æнхъæлмæ кастæн, мæ рад кæд æрхæццæ уыдзæн, уымæ. Дохтыртæ рынчынты дæндæгтæм кæм зылдысты, уыцы уаты дуар байгом, рахызт дзы ацæргæ зæронд лæг йæ лæдзæджы æнцæйтты. Нæ фæрсты куы рацæйцыд, уæд мах, рады баддджытæ, кæрæдзимæ бакастыстæм: зæронд лæгæн йæ цæстытæ кæд уыдысты кæуындзаст. Æрлæууыд нæ цуры, йæ къухтыкæлмæрзæн систа æмæ сабыргай йæ цæстытæ ныссæрфта, стæй йæ лæдзæджы 'нцæйтты узгæ-узгæ дуары 'рдæм араст. Уым ын кæстæртæй чидæр дуар байгом кодта æмæ, зына-нæзына йæ сæрæй «бузныг» зæгъгæйæ, зæронд лæг уынгмæ ахызт.

Мидæгæй мæ мыггаг радзырдтой, æмæ бацыдтæн. Сбадын мæ кодтой уыцы дохтырмæ.

– Зæронд лæджы тынг фæриссын кодтай, – дохтыры зыдтон æмæ йæм уæндон ныхас скодтон.

– Йæхæдæг мæ фæкæуын кодта, – загъта уый.

Æз скастæн дохтырмæ. Йæ цæстытæ уыдысты кæуындзаст æцæгдæр.

– Æз ын йæ дæндæгтæм æвналгæ дæр нал бакодтон, – загъта дохтыр. – Растдæр зæгъгæйæ та дыууæйæ дæр ууыл нæ уыдыстæм...

Æмæ мын радзырдта ахæм цау.

Цæвиттон, ныртæккæ ардыгæй чи ахызт, уыцы зæронд лæг уыди Гугкаты Бади. Йæ гæххæтт йæ къухы, афтæмæй регистратурæйæ дæндæгтæ дзæбæхгæнæн уатмæ араст. Гæххæттыл фыст уыд дохтыры мыггаг – Хадыхъатæй. «Цымæ кæй чызг уа?» – хъуыды кодта йæхинымæр. Æниу дæр зæронд фæрсаг у, æмæ йæ арæхстгай къæлæтджынил куы 'рбадын кодта, уæд бафарста:

– Хадыхъатæй кæй чызг дæ, мæ хур?

– Виссарионы, Без дæр æй хуыдтой, – дзуапп ратта сылгоймаг. Йæ разы йын фынгау æрæвæрдта кусæнгæрзтæ. Фæлæ зæронд лæг уыдонмæ нæ каст. Уый йæ риуæй райста, дохтыр ыл цы урс-урсид хъуымац æрытыдта, уый, æмæ йæ йæ разы æрбадын кодта.

– Уæдæ ды Безы чызг дæ?

– Ды мæ фыды зыдтай? – цымыдис фарст акодта зæронд лæджы.

– Æмæ уый та чи нæ зыдта, мæ хур? Оуу, мæнæ Безæн цы чызг ис!..

Се 'хсæн ныхас куыд нæ рауади...

Без райгуырдис 1890 азы Олгинскæйы. Каст фæци дыууæ къласы аргъуаны приходы скъолайы. Йæ фыд иууыл æнæнизтæй нæ уыд, æмæ Безы бахъуыд йæ ахуыр ныууадзын. Зылди хæдзармæ. Йæ афон куы 'рхæццæ, уæд æй акодтой паддзахы æфсадмæ. Службæйы уыд Армавиры, ирон дивизионы, бæхджын æфсады. Йæ службæ куыддæр фæцис, афтæ райдыдта фыццаг империалистон хæст. Дивизионмæ ма барвыстой бирæ ирæтты, æмæ дзы рауад бæхджын æфсады ирон полкъ. Уæдмæ Без ссис вахмистр. Уыцы уæззау хæсты, тымыгъты рæстæг йæ фарсмæ чи тох кодта, уыдонæй дыууæ ам, нæ горæты цæрынц. Сæ иуы кой ракодтон – Гугкаты Алыксийы фырт Бади, иннæ – Мамиаты Иуанейы фырт Миша. Адон сæ дыууæ дæр уыдысты æртæ хæсты (империалистон, мидхæст æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæст). Ис сæм се сгуыхтдзинæдты тыххæй хæрзиуджытæ.

Уыцы дыууæ дзырддзæугæ лæджы Безы тыххæй афтæ зæгъынц: «Уый уыд æцæг хъæбатыр. Афицер уыдаид, инæлар йæ фæрсты æрбацæуы, зæгъæ, уæд ын йæ цыппар крестæн æмæ цыппар майданæн æгъдау лæвæрдта. Уымæй – диссаджы хæдæфсарм. Мах фæрсæй-фæрстæм хæцыдыстæм знаджы ныхмæ æмæ йын йе сгуыхтдзинæдтæй уыдыстæм сæрыстыр. Кæд сотнæйы командирыл афицер Обухов нымад уыд, уæддæр салдæттæн разамынд лæвæрдта, хæсты цæхæрмæ сæ кодта Хадыхъы-фырт. Нæ хæцæн рæттæ уыдысты Украинæйы быдыртæ, Карпатты хæхтæ... Суанг Польшæмæ бахæццæ стæм.

– Иу хатт, – зæгъы Бади, – Карпатты хæхтæм хæстæг, знаджы фистæг æфсады полкъ нæ ныхмæ тынг куы схæцыд æмæ йæм æргом бабырсгæйæ цалдæр хатты нæ фистæг æфсад куы фæсыкк, уæд полчъы командир Безмæ фæдзырдта.

– Цæй, хæххон джигит, дæ лæгдзинад æмæ дæхæдæг...

Мах бæлвырдæй нæ зонæм, булкъон æмæ Хадыхъы-фырты 'хсæн дарддæр цы ныхас рауад, уый, фæлæ хурныгуылды агъоммæ Без йæ салдæттимæ æртæрдыгæй ныббырста æмæ знаджы уыцы фидæрттæ бацахста. Полкъæй ма чи аирвæзт, уыдон та æд командир уацары райста. Уый тыххæй Хадыхъы-фыртæн лæвæрд æрцыд цыппæрæм хæрзиуæг æмæ ссис «Георгийы дзуары» æххæст кавалер.

– Ноджыдæр ма дзы нæ зæрдыл цы бадардтам, – æрымысыд Мамиаты Миша, – афтæ-иу загъта: лæппутæ, нæхи ма фæхудинаг кæнæм, хъуамæ мах тыххæй нæ хистæртæм уайдзæф макуы 'рхауа. Фидиссаджы бæсты хъуамæ уæм фæзминаг.

Бæхджын æфсады ирон полкъ Польшæйæ горæт Станиславмæ куы бахæццæ, уæд Уæрæсейы райдыдта революци, æмæ Рæстæгмæ хицауад уыцы полкъ фæстæмæ Уæрæсейы балæууын кодта. Поезд æфсæнвæндаджы станцæ Днойы æрлæууыд. Афицертæ загътой, Петрограды ис змæстытæ, æмæ хохæгты «хъæддаг дивизи» хъуамæ уырдæм æвæстиатæй ацæуа, басабыр кæна кусджыты змæлд. «Хъæддаг дивизи» кæй хуыдтой, уым уыдис ирæтты полкъ дæр. Кодтой сæ революцийы зынг ахуыссын кæнынмæ.

Кæд паддзахы раппæрстой, уæддæр кусджытæ æмæ зæхкусджыты уавæр нæ фæбæллиццагдæр. Хуыздæр уавæры нæ уыдысты салдæттæ дæр.

Иу къорд мæйы уыдис афтæ змæст. Фæлæ ахæм уавæрæн бирæ ахæссæн нæ уыд. Кусæг, зæхкусæг адæм большевикты партийы разамындæй сæхи цæттæ кодтой æцæг революцимæ. Разæнгад уыдысты уыцы хъуыддагмæ æфсады дæр, уым суанг æппæт æфсæддон хæйтты дæр ахъаззаг куыст бакодтой большевикон агитатортæ.

– Махæн не 'фсымæртимæ ницы уаринаг ис Петрограды, æмæ сæ ныхмæ тохы дæр нæ бацæуыдзыстæм, загътам нæ афицертæн, – дзуры Мамийы-фырт. – Афтæ нын дзырдтой полчъы комитеты уæнгтæ дæр. Æмæ нын цы нæ фæкодтой нæ афицертæ, фæлæ мах нæ акуымдтам. Сæ хъуыддагæй куы ницы рауад, уæд нæ фæстæмæ уыцы поезды сбадын кодтой æмæ нæ суанг Кавказмæ уыцы-иу цыдæй сластой. Без дæр немæ. Нæ афицертæ дæр фæйнæрдæм фæцыдысты, иутæ та дзы, куыд дзырдтой, афтæмæй фæсарæнтæм сæхи айстой. Ноджы ма дзырдтой, зæгъгæ, дам, уыцы афицертæ семæ ахастой нæ полкъæн йæ тырыса дæр, уымæн æмæ нæ полкъ кадджын æмæ хъæбатырыл нымад уыдис, хаста Георгийы полчъы ном.

Без империалистон хæстæй сыздæхт уæззау цæфтæй, уыдис дыууадæс цæфы. Йе ссыдмæ йæ мад æмæ йæ фыд амардысты, æмæ йын йæ цæфтæм зылдысты йæ хæстæджытæ.

Ахуыссыд империалистон хæсты арт, фæцис мидхæст дæр. Советон адæм бавнæлдтой сабыр фæллоймæ. Бадзæбæх сты Безы хъæдгæмттæ дæр. Службæ кодта Сырх Æфсады. Йæ хæстон арæхстдзинадыл ахуыр кодта йæ кæстæрты. Нæ бахæлæг кодта йе 'взыгъддзинад, Сырх Æфсадмæ кæй кодтой, уыцы æвзонг фæсивæдæн. Суанг ма-иу, хъæуты бæхтыл хъазт куы уыдис, йе-иу горæты цæхæрцæст лæппутæ сæ аив бæхылбадт куы æвдыстой, уæд-иу Без бæрæг дардта се 'хсæнæй. Цæйбæрц арфæтæ-иу райста! Æппынфæстаг æй акодтой Армавирмæ, бæхтыл бадджыты æфсæддон скъоламæ. Уый уым ахуыр кодта æрыгон курсантты. Уыцы хъуыддаджы тынг баххуыс кодта æфсæддон скъолайы командиртæн. Ныр дæр ма радзурынц, бæхыл бадгæйæ, дам, ахæм арæхстдзинад æвдыста, æмæ-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Мин фарастсæдæ дыууын фарæстæм азы та Таджикистаны ногæй карз тохтæ цыдис басмачты ныхмæ. Тогъойты Данелимæ уырдæм ацыд Хадыхъаты Без дæр æмæ та ам дæр равдыста стыр хъæбатырдзинад.

Басмачтæ дæрæнгонд куы 'рцыдысты, уæд Безы уым баурæдтой, æмæ кодта алыхуызон бæрнон куыстытæ.

Без амард 1940 азы, æмæ йæ банығæдтой йæ райгуырæн Олгинскæйы.

Раззаг – хæсты, раззаг – фæллойы, раззаг – спорты. Ахæмæй баззад Хадыхъаты Без, чи йæ зыдта, уыдоны цæсты.



**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ»,**
**Дзæуджыхъæу, 1998 аз**

## Ахудынæн

# Гогызы къах цы фæци?



**Ирыстоны Джеоргуыбайæ уарзондæр бæрæгбон нæй. Куыддæр йæ кувæн къуыри фæвæййы, афтæ ног азы Джеоргуыбамæ цæттæ кæнын райдайæм нæхи, уæхи зæрдæ уе 'вдисæн. Бирæ бинонтæ фæхæссынц кусæрттаг, снывонд кæнынц гал, фыс... - йæ къух кæмæн куыд фæамоны, афтæ. Лæгты дзуарæн табу уæд, гогыз куы аргæвдай йæ номыл, уæддæр дæм нæ фæхæрам уыдзæн.**

**Ацы аз Джетæгъæзы арм нæ амыдта стырдæр исты аргæвдын æмæ гогыз балхæдта. Кæд дзæбæх далысы йас уыдис, уæддæр гогыз гогыз у, æмæ, Сыгъзæринбазырæй хатыртæ ракургæйæ, туг суагъта бæрæгбоны. Йæ къæбæргæнæг Цæмæнхъуыд æй бакой кодта æмæ йæ уæларт сæвæрдта, йæхæдæг зилæнтæ кæны. Хæдзары иунæг сылгоймагæн бирæ куыст ис,уæлдайдæр ахæм бон. Гогыз фыцы, усæн йæ хыссæ ссыд, æмæ кæрдзынтæ кæнынмæ арынджы сæргъы балæууыд... Цума кæны йæ чызг æмæ лæппуйæн, цы сæ бон у, уымæй йæм кæсынц.**

**Срæвдз сты чъиритæ, гогыз агæй систа Цæмæнхъуыд, арахъхъ æмæ бæгæны дурынты нывгæдта, фынг рæсугъд кæны. Сыхы лæгтæ æрбацæуынц, зæгъгæ, уæд ус кæрдзынтæ пецы сæрæй радавта æмæ сæ фынгыл æрæвæрдта. Уæдмæ гогызмæ фемдзаст æмæ...йæ цæстытыл нæ бауæндыд – йæ иу къабаз йæ уæлæ нал. Сылгоймаг уайтагъд хъуыддаг фембæрста æмæ йæ дыууадæсаздзыд лæппумæ фæдзырдта. Ацæ æвæндонæй æрбацыд йæ размæ.**

**– Ацæ, мæ цæстытæм мын кæс афтæмæй ма зæгъ, гогызы къабаз цы фæци? – тызмæгæй фæрсы йæ фырты.**

**– Æз ын цы зонын? Æгæр æй фæфыхтай, æмæ йын, æвæццæгæн, баруад, – йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, афтæмæй дзуапп ратта Ацæ.**

# Тырыса ахаста...

Мадæлон æвзагæн йæ сусæгдзинæдтæ, æмбисæндтæ, базырджын ныхæстæ зонын хъæуы, æндæр исты худæджы кæнæ худинаджы уавæры бахауынæй тæссаг у. Æрæджы мын ногбæтæхъойыхъæуккаг Танделаты Розæ радзырдта ацы худæджы хабар. Цæвиттон, æвдайæм азты кæронмæ 'ввахс Розæ, ахуыр кодта дæсæм къласы, уыд раззагдæрты 'хсæн йæ ахуыр æмæ хи дарынæй , уымæй уæлæмхасæн та ма æхсæнадон царды активисткæ – скъолайы фæскомцæдисы организацийы раздзог.

Иуахæмы Беслæныхъæуы кинотеатр «Спутничы» æвдыстой цыдæр диссаджы фæсарæйнаг кино, æмæ, Розæ сæ разæй, афтæмæй фæстаг урокæй алыгъдысты дæсæмкъласонтæ. Дыккаг бон ахуыргæнæг Гутойты Раисæ директормæ хъæстмæ бацыд æмæ йын кæуынхъæлæсæй радзырдта, афтæ, 'мæ, дам, афтæ, Беслæнмæ алыгъдысты, «сорвали урок». Скъолайы сæргъы уыцы рæстæг лæууыд Цуциты Хъазыбег, рухсаг уæнт сæ дыууæ дæр. Хъазыбег фæрсы Раисæйы, уый та куыд, æмæ, дам, сæ Танделаты Розæ та куыд бауагъта алидзын, фæскомцæдисы раздзог куы у? Уымæн ын Раисæ афтæ, цытæ дзурыс, уый, дам, тырыса сæ разæй куы ахаста...

Тынг смæсты Хъазыбег, дæсæмкъласонтæм фæсидт, иугай-дыгай сæм загъд кæны, цæмæн ахæм æнаккаг ми бакодтат, зæгъгæ. Æрхæццæ Розæйы рад дæр, æмæ йæм директор фæлмæн хъæлæсыуагæй дзуры, кæд дæ райкоммæ тырыса хæссын хъуыдис, уæд ма къласта демæ цæмæн акодтай, æз, дам, сæм тилифонæй бадзырдтаин, æмæ фæсурокты ацыдаис. Уыцы ныхæстæ Хъазыбег загъта уырыссагау. БМК-йы царди, уыцы микро-



районы та фылдæр дзырдтой уырыссагау, сæ мадæлон æвзаг хорз нæ зыдтой. Фразеологон здæхт «тырыса хæссын» директор комкоммæ бамбæрста. Розæйæн гæнæн нал уыд æмæ, киномæ кæй алыгъдысты, ууыл æргом басаст.

# Зарæджы текст...

**Куыст нæй, зæгъгæ, бирæ æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ сæ ныййарджыты æккой бадынц, æппындæр нæ сагъæс кæнынц, цард цыбыр кæй у æмæ дзы исты лæджыхъæд равдисын хъæуы, ууыл. Уæдæ, иуæй-иу ныййарджытæм дæр куы байхъусай, уæд хицауады фауынæй æндæр не сты, советон дуджы, дам, æгуыстæй бадджыты æфхæргæ кодтой, ныр та, дам, бынтон æндæр дуг ралæууыд...**

**Чи агура, уый ссардзæн, газеты фæрстыл, телеуынынадæй – дуне хъусынгæнинæгтæ, хъæуы ахæм æмæ ахæм кусджытæ, зæгъгæ. Алчи хицауы къæлæтджыны фыццаг бон не сбады, дæхи уал бавдис, æмæ уæд, Хуыцауæн табу...**

**Мæ зонгæ хицау Сахълæу, куырыхон зонды хицау, зæрдæргъæвд, бирæ куыстагур адæм федта, уайтагъд йæ цæст ацахсы, исты дзы æртæдздзæн хъуыддаджы æви иу къорд боны фæстæ «бафæллайдзæн» æмæ алидздзæн. Мæнæ та иу курæг æрбахызт йæ кусæн уаты къæсæрæй, лæппулæг, ахæм æмæ мæ ахæм æрбарвыста æмæ мæ исты хъуыддаджы сæргъы сæвæр, зæгъгæ. Æфсæрмæй лæг цы нæ бакæндзæн, иугæр æй йæ хорз лымæн æрбарвыста, уæд æй куыд аздаха?**

**Гæххæттытæм æркæсыны онг æрхæццæ хицау Сахълæу, йæ куысты чиныг (трудовая книжка) йын райста æмæ йæм куы 'ркасти, уæд йæ сæры хъуын арц сбадт. Æмæ куыд нæ! Чиныджы цъæрттæ се 'ппæт дæр уыдысты дзаг, уый нæ, фæлæ ма йæ астæу тъыст – дыууæ уæлæмхасæн сыфы. Бæдæлæг уæздан йæ мидбылты бахудт æмæ æрбацæуæгæн афтæ:**

**– Уæллæгъи, дæ «трудовойæ» дын Розенбаум диссаджы зарæг афыссид!**



## Бакæс, базон

# Мæйы денджызтæ

**Селенографийы – ома, Мæйы уæлцъар иртасæг наукон дисциплинæйы – сæвзæрд баст у 1609 азы августаг æхсæвты рæстæг зындгонд италиаг физик æмæ астроном Галилео Галилейы фыццаг телескопон цæстдардтимæ.**



Мæйыл чи разынд, уыцы æууæлтыл хъуыды кæнгæйæ, астроном загъта: «Уæвæн ис, æмæ Зæххыл куыд у, афтæ Мæйыл дæр ис денджызтæ æмæ фурдтæ». Галилейы хъуыды хынцгæйæ, амынд заманæй нырмæ Мæйыл разынæг тар стъæлфытæ схуыдтой денджызтæ, æппæтæй егъаудæр стъæлф та – фурд.

Мæйыл иунæг æртах дæр дон кæй нæй, фæстæдæр уый кæд рабæрæг, уæддæр рагон фæтк бахъахъхъæдтой.

Нырыккон селенографи Мæйы уæлцъар дих кæны дыууæ хайыл: рухс – материкон (ахсы Мæйы уæлцъары 83 проценты) æмæ тар – денджызон (ахсы Мæйы уæлцъары 17 проценты) хæйттæ. Зæххы æрдзон æмдзугæнæджы уæлцъары рæстæмбис æмвæзадæй уæлдæр чи ис, уыцы бынæттæ нымад сты материктыл. Денджызтимæ абаргæйæ, материктæм хуры рухс хæццæ кæны бирæ хуыздæр. Материктыл æрæнцадысты кратертæ (иуæй-иу рæтты ацы кратертæ кæрæдзимæ иттæг хæстæг æрбынæттон сты). Æмраст бынимæ арфгонд бынæттæ – ома, уæлцъары рæстæмбис æмвæзадæй дæлдæр чи ис, ахæм рæттæ та нымад сты денджызтыл. Бирæ кратертæ кæм нæй, Мæйы уыцы денджызтæн сæ бакаст у лæгъз æмвæзады хуызæн. Хуры рухс æвзæр æвдисæг Мæйы денджызтæ зынынц тарæй.

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Рохæн æвгъау нæмттæ

# Рæсугъд удыхъæд, æвæджиауы курдиат

**Ирон дзырдаивад æмæ зонады рæзтмæ, куыд поэт, тæлмацгæнæг æмæ литературæиртасæг, афтæ, зынгæ æвæрæн чи бахаста, уыцы разагъды лæгтæй иу уыдис филологон наукæты кандидат, рухстауæг Ардасенты Навийы фырт Хадзыбатыр. Ацы аз йæ райгуырдыл сæххæст 115 азы.**

Национ культурæйы фидæны зæрдиаг лæггадгæнæг райгуырд 1911 азы 15 сентябры Цæгат Ирыстоны Æрыдоны районы Хъæдгæроны. Ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы Æфсæнвæндаджы техникумы, уырдыгæй фæстæдæр равта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультетмæ. Æнтыстджынæй йæ каст фæци, æмæ йæ бафæндыд дарддæр ирон филологийы къабазы фылдæр æмæ арфдæр зонындзинæдтæ райсын. Йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты (ныры Абайты Васойы номыл Цæгат Ирыстоны Гуманитарон æмæ Социалон иртæстыты институт) аспирантурæмæ. Йæ ахуыр дзы кæронмæ æнтыстджынæй æрхæццæ 1937 азы. Бахъахъхъæдта филологон зонæдты кандидаты диссертаци.



Æрыгон цардбæллон ахуыргонд – литературæиртасæг Ардасенты Хадзыбатыр 1938-1940 азты Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты каст лекцитæ ирон литературæйы историйæ. Уый фæстæ та уыд Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты ахуыргонд – нымæрдар æмæ зонадон кусæг. Уыцы иу рæстæг каст лекцитæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты (ныры университет) ирон-уырыссаг филологийы хайады.



Фыста уацтæ, рецензитæ, очерктæ æмæ монографитæ ирон литературæйы иумæйаг истори æмæ нæ фысджытæ æмæ поэтты, драматургты, публицистты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй. Астæуккаг æмæ уæлдæр скъолатæн арæзта ирон литературæйæ ахуыргæнæн чингуытæ.

Ивгъуыд æнусы 20 азтæй райдыдта æмдзæвгæтæ, драмæтæ фыссын. Мыхуыры йын цыдысты газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Æрыгон большевик»-ы, журналтæ «Мах дуг» æмæ «Фидиуæг»-ы. Ирон æвзагмæ тæлмац кодта номдзыд уырыссаг æмæ нæ бæстæйы адæмты литературæйы классикты уацмыстæ. Зынгæ æвæрæн бахаста тæлмацы жанрмæ æмæ иттæг дæсны раивта нæ мадæлон æвзагмæ Хетæгкаты Къостайы кадæг «Фатимæ». Йæ поэзийы сæйрагдæр зыны Райгуырæн бæстыл æмæ ног советон цардарæзтыл фидар æууæнк, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Сырх Æфсады лæгдзинад æмæ фæсфронты архайæг фæлтæрты удуæлдай фæллой. Нæ литературæйы зынгæ бынат ахсы йæ драмон ныв «Ирвæзынгæнæг». Хадзыбатыр дзы равдыста хæсты тугуарæн азты ирон адæмы фæразондзинад, фыдæлты æгъдæуутты арф мидис æмæ хъуыды.

Алы азты нæ республикæйы рауагъдад «Ир»-ы мыхуыры рацыдысты Хадзыбатыры поэтикон, прозаикон уацмыстæ, тæлмацтæ æмæ зонадон чингуытæ: «Сæуæхсид», «Равзæрст æмдзæвгæтæ», «Ирон литературæйы рæзты очерк», «Цард æмæ поэзи», «Рæстæджы улæфт» (ацы дыууæ чиныджы сты йæ литературон критикон уацтæ).

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг дæр Хадзыбатыр йæ зонадон, сфæлдыстадон куыст нæ бамынæг кодта. Немыцаг лæгсырдтæ Дзæуджыхъæумæ куы 'рбацæйхæццæ кодтой, уымæй бирæ раздæр йæ райгуырæн хъæу Хъæдгæронмæ аласта æмæ йæхи хæдзары бамбæхста Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты хъæздыг архив. Æмæ йæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ сæмбæлын кодта йæ раздæры бæстыхайы.

Зындгонд поэт, литературæиртасæг, тæлмацгæнæг Ардасенты Хадзыбатыр йæ цардæй ахицæн 1968 азы 15 декабры.

Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы Хадзыбатыры райгуырды 115 азы кадæн уыд йæ номарæн изæр. Йæ саразынил бацархайдтой ацы музейы зонадон кусджытæ æмæ нæ республикæйы Фысджыты цæдис.

Номарæн изæр амыдта æмæ Хадзыбатыры царды зынгæдæр цаутыл лæмбынæг æрдзырдта музейы хистæр зонадон кусæг, поэт, тæлмацгæнæг, журналист **Цыхуырбаты Сергей.** Фысджыты цæдисы сæрдар, филологон наукæты кандидат **Хозиты Барис** æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологийы факультеты декан **Гуыриаты Эльмирæ** бæстон афæлгæсыдысты Хадзыбатыры æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ æмæ литературон-зонадон уацты, монографитæ æмæ ахуыргæнæн чингуыты мидисыл.

Йæ зындгонд æрвады тыххæй йæ мысинæгтæ номарæн изæры радзырдта педагогон куысты ветеран **Ардасенты Тамарæ**. Сывæллæтты сфæлдыстады республикон галуаны иугонд «Талатæ»-йы архайджытæй **Ардасенты Альберт** æмæ ацы артдзæсты иннæ уæнгтæ аив бакастысты Хадзыбатыры æмдзæвгæтæ.

Номарæн изæры хъисфæндырæй ирон фыдæлтыккон инструменталон композицитæ аив ацагъта Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон филологийы факультеты 1 курсы студент æмæ курдиатджын музыкант **Георгий Степанов**.

Ирон литературæйы музейы зонадон кусджытæ ма номарæн изæрмæ бацæттæ кодтой Хадзыбатыры чингуытæ æмæ къамты равдыст.

Мысæн изæр саразджытæ, архайджытæ æмæ уазджытæн зæрдиаг арфæ ракодта **Ардасенты Таймураз.**

**ГАСАНТЫ Валери**

Æхсæнад

# Фæсивæды хъомылад

**Терроризмы ныхмæ тохы æмзонды тыххæй Евгений Вахтанговы номыл уырыссаг академион театры нæ республикæйы скъоладзаутæ æмæ студенттæн равдыстой Михаил Рощины зындгонд пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Эшелон».**



Æртæ боны дæргъы хæстон драмæмæ бакастысты 300 æрыгон адæймагæй фылдæр. Се 'хсæн – Дзæуджыхъæуы 11-æм астæуккаг скъолайы, Цæгат Кавказы



суворовон училищæйы хъомылгæнинæгтæ æмæ Дзæуджы-хъæуы электронон техникумы студенттæ. Спектакль равдисыны мадзал арæзт цыдис терроризмы ныхмæ тохы фæлгæты. Цæгат Ирыстоны ацы бон се 'ппæтмæ дæр уæлдай æрхæндæг æнкъарæнтæ æвзæрын кæны. Зæрдылдарæн бон баст у 2004 азы сентябры трагикон цаутимæ, Беслæны скъолайы уæд фыдгæнджыты азарæй бацарæфтыд сты мин адæймагæй фылдæр æнаххос сывæллæттæ, ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджытæ.

Спектакль «Эшелон» хуымæтæджы æвзæрст не 'рцыд. Уым ныхас цæуы, тæссаг мæлæты цæсгоммæ комкоммæ кæсгæйæ, адæм уæддæр сæ зæрдæтæ æмæ удты адæймаджы хуыздæр миниуджытæ куыд бахъахъхъæдтой, кæрæдзимæ уарзондзинад сæ куыд æрбангом кодта, ахæм историон мидисыл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Барад

# Фæндаг цалцæг кæнын райдыдтой

**Дзыллон информацион фæрæзты мыхуыргонд æрмæг Дзæуджыхъæуы, Остъайы-фырты номыл уынджы, 8-æм хæдзары раз фæндаджы æдзæллагдзинады тыххæй сбæрæг кодта Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ.**

Æдæрсгæ цæуынхъом чи нæу, ахæм гражданины хъусынгæнинаджы амынд цыд дæргъвæтин рæстæджы фæндæгты иу хай цалцæг кæнынæн мадзæлттæ аразт кæй нæ цæуы, уый та расайдзæн фæндæгтыл цæуыны транспортон фыдбылызмæ. Уыцы хъуыддаг æцæг разынд.

Бæрæггонд æрцыд автомобилон фæндæгты нывылад æмæ фæндæгтыл цæуыны æдасдзинад, закъонады домæнтæ æххæстгонд кæй нæ цæуынц. Сбæрæггонд хъуыддаджы фæстæ Дзæуджыхъæуы муниципалон бюджетон Сæрмагонд экологон сервисы разамонæгæн амынд æрцыд закъоны æгъдаухæлдтæ аиуварс кæнын.

Прокуратурæйы домæнмæ гæсгæ фæндаг цалцæг кæныны куыстытæ райдыдтой. Уымæй уæлдай, сбæрæггонд хатдзæгтæм гæсгæ бынаты лæуд адæймæгты архайдæн аргъгонд æрцæудзæн административон æгъдаухæлды тыххæй.

Фæндæгтыл цæуыны æдасдзинады закъон æххæст кæныны куыстмæ республикæйы прокуратурæ йæ хъус дары иудадзыг дæр.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Фидар, станицæ. 7. Уромæн, тормоз. 8. Къæдзæхы тигъ. 9. Рагон грекъаг уæлдæр хицауады оргæн. 10. Хæлафы хай. 13. Донхæссæн дзаума. 15. Литературон уацмыс. 17. Авд хойæ иу. 18. Дуары хай. 19. Хæцæнгарз. 21. Хъуымац. 23. Хивæнд бæх. 25. Бæхифтындзæн дзаума. 27. Музыкалон инструмент. 28. Нарты мыггæгтæй иу. 29. Рæвдз, цæрдæг.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Цармæй голлаг. 2. Сæндæг. 3. Бæхылбадæг. 4. Къаннæг тугцъир. 6. Гæрæн. 11. Факультеты разамынд. 12. Дымгæйы бардуаг. 13. Тулдзы дыргъ. 14. Курортон горæт Абхазы. 15. Сындз. 16. Хъæууонхæдзарадон кусæнгарз. 20. Зынаргъ арæзтадон æрмæг, фидар дур. 22. Тæхæг цъиуы хæдзар. 24. Мыггаджы кувæн, уынаффæгæнæн бынат. 25. Згъæр. 26. Гом, бæгънæг.

## Дзуаппытæ 12 сентябры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Лалым. 6. Зарæг. 10. Есе. 11. Дирижер. 12. Ирæ (Мыстулаты).15. Дудар (Хаханты). 16. Таг. 17. Булат (Гæздæнты). 20. "Арион". 21. Поэмæ. 25. "Мираж". 26. Мад. 27. Гæмæт (Ботъоты). 30. Сын. 31. "Лирикон". 32. Апп. 35. Уасæн. 36. Горæт.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Кад. 2. Вырин. 3. Павел (Ядых). 4. Фæд. 7. "Усгур". 8. Аивад. 9. Орган. 13. Лауреат. 14. Гуымсæг. 18. Хор. 19. Хох. 22. Чиныг. 23. Барис (Галаты). 24. Лæппу. 28. "Фидæн". 29. "Додой". 33. Бах. 34. Хæс.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Сезонная, омолаживающая, формирующая обрезка плодовых и декоративных культур. Работает профессионал! Тел.: 8-928-856-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).

Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.

Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек); 8-928-484-24-58 (Хамиц).

Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.



Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1035. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**